

Example Lesson Plan

Sijè: Entwodiksyon sou estrikti ak fonksyon pwoteyin (Biyoloji nan nivo entwodiksyon)

Etidyan: Elèv nivo segondè ak etidyan fakilte ki nan nivo entwodiksyon (pwopedetik)

Kantite tan n ap bezwen: 1è

Objektif aprantisaj la (OA):	Dekri kat nivo estrikti pwoteyin yo epi esplike kouman chak nan nivo sa yo kontribiye nan estrikti global yon pwoteyin.
Kontni ke pwofesè a pral anseye:	<ul style="list-style-type: none"> a) Entwoudui pwoteyin kòm youn nan kat makwomolekil biyolojik yo. b) Bay egzanzp sou varyete fonksyon ke pwoteyin yo pèfòme. c) Entwoudui asid amine kòm sou inite bazik pwoteyin yo. d) Esplike kat nivo estrikti pwoteyin yo.
Aktivite Aprantisaj: (egzanp: similasyon sou òdinatè, ekspozè kou, Travay an Gwoup, elatriye)	<p>N ap bay etidyan yo yon kreyon ak yon ti tij polyestè epi n ap di yo ke ti tij polyestè a reprezante yon sekans asid amine ki long. N ap mande etidyan yo pou yo itilize ti tij polyestè a pou yo bati yon pwoteyin ki ka pote oswa transpòte kreyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Etidyan yo ap travay pou kont yo pou yo bati pwòp pwoteyin ti tij polyestè a yo. b) Tout klas la, konpare epi diskite divèsite ke yo obsève nan pwoteyin ki bati yo. c) Demontre diferan nivo estrikti pwoteyin yo (primè, segondè, epi tèsyè) pandan y ap sèvi ak egzanzp etidyan yo. Yo kapab ilistre katrityèm nivo a avèk pwoteyin ke yo te deja fè yo ki itilize de oswa plis ti tij polyestè. d) Mande etidyan yo pou yo idantifye plisman anndan pwoteyin kinan yo an ki esansyèl pou fonksyon li genyen an: pote yon kreyon. e) Mande etidyan yo pou yo panse epi diskite an gwoup de pa de sou sa ki ta ka rive si yon plisman esansyèl anndan pwoteyin lan ta siprime (vin plat). Rapòte bay klas la epi antre an diskisyon sou enpòtans estrikti epi sou ki jan li gen relasyon ak fonksyonman.
Resous: (egzanp: Lojisye, Feyè, elatriye)	<ul style="list-style-type: none"> a) Dyapo kou sou pwopriyete bazik estrikti pwoteyin b) Kreyon c) Ti tij polyestè
Evalyasyon: (egzanp:	Ou kapab itilize kesyon sila a apre w fin pèfòme aktivite ki fèt nan klas la pou w ka mezire

<p>Kesyon Egzamen, ti tè s plòp plòp, Prezantasyon, elatriye)</p>	<p>konpreyansyon etidyan yo (evalyasyon fòmatif), tankou yon kesyon nan yon ti tè s plòp plòp pou fè suivi (evalyasyon fòmatif epi/oswa somatif) oswa tankou yon kesyon nan egzamen (evalyasyon somatif):</p> <p>Emoglobin se yon pwoteyin ki fèt avèk 4 chèn oswa sou inite polipeptid. Yon sibstitisyon asid amine (yon asid amine vin ranplase ake yon lòt asid amine) te ka:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Afekte estrikti primè nan yon pwoteyin emoglobin 2) Afekte estrikti segondè nan pwoteyin emoglobin lan 3) Afekte estrikti tèsyè nan pwoteyin emoglobin lan 4) Afekte estrikti kwatènè nan pwoteyin emoglobin lan 5) Afekte sèlman estrikti primè ak segondè nan pwoteyin emoglobin lan 6) Afekte tout nivo yo nan estrikti pwoteyin lan. <p>Jistifye chwa w la.</p>
---	--

Nòt / Kòmantè:

Aktivite nan klas la adapte dapre: Chowning, J.T., Kovarik, D., ak Griswold, J. (2012). Modelizasyon Estrikti ak Fonksyon Pwoteyin: Transferaz Kreyon. *The American Biology Teacher*, 74 (8): 581–582.